

EKSA HERTIN PROBOWATI

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[eksaprobawati@mhs.unesa.ac.id](mailto:eksaprobawati@mhs.unesa.ac.id)

Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

## ABSTRAK

Crita rakyat *Dumadine Kali Banger* lan drama tari *Geger Ing Banger* yaiku karya sastra kang nyritakake mula bukane aran kali Banger Probolinggo. Crita rakyat anggitane swargi Suparto Brata lan drama tari karya Peny Priyono nyritakake kedadeyan ontran-ontran kang dialami dening para kawula praja Majapahit lan Kadipaten Lumajang nganti nuwuhake akeh kurban pati. Prekara iki tuwuhan saka tikel polahe Patih Nambi minangka salah siji patih ing Majapahit. Nambi dadi paraga utama kang dianggep nuwuhake prekara, watake culika. Saka kekarone crita Patih Nambi ora mbela praja Majapahit nanging malah nduwensi cara liya supaya bisa nuwuhake ontran-ontran lan dianggep ngedegake praja anyar, dheweke bisa uwah saka Majapahit. Dene Sang Nata Prabu Hayam Wuruk sajrone crita rakyat ora kasil ngendalekake babagan ontran-ontran nuwuhake pepati. Paedah panliten iki yaiku minangka sawijine andharan kang medhar nilai-nilai sosial sajrone crita rakyat lan drama tari kang digayutake minangka panliten sastra. Panliten ditintingi kanthi dhasar teori Sastra Bandhingan lan teori struktural sarta pendhekatan hermeneutik minangka panyengkuyunge. Ancangan sajrone panliten iki yaiku deskriptif komparatif, kanthi sumber dhata awujud kumpulan crita rakyat lan karya tari *Geger Ing Banger* taun 2015. Dhata ing panliten iki nilai sosial saka cecaturan, lelagon, tumindak lan pakulinan paraga. Asil saka mbandhingake crita rakyat lan drama tari iki ditemokake ekspansi yaiku pangrembakane karya, kadeleng saka anane paraga misaya ing pinggir sungapan kali Banger, anane dhagelan sajrone prajurit Lumajang, lan pacaturan antarane lurah Majapahit marang prajurit Majapahit sadurunge bela pati ing palagan; konversi sutradara drama tari ngrembakakake asil pacaturan sajrone drama tari uga nuwuhake dhagelan lan pacaturan sing nggunakake basa Madura.

Kata Kunci : Crita Rakyat, Drama Tari, Sastra Bandhingan

## BAB I

### PURWAKA

#### 1.1 Landhesane Panliten

Ilmu sastra tansah nggelar lan kasil nuwuhake bab-bab kang onjo, panaliten iki kang dibandhingake arupa crita rakyat lan drama tari. Bassnet ngandharake sastra bandhingan arupa perbandhingan karya sastra klawan karya liyane, lan bandhingan antara karya sastra klawan lingkup ekspresei janma liyane, (sajrone Rokhman, dkk.:2003:7)

Anane obah para penari uga nambahi grengsenge anggone medharake prakara kang kapacak, saliyane ana musik panyengkuyung (gamelan slendro). Pangrakite karya sastra awujud drama tari yaiku migunakake basa Jawa dialek khas pendhalungan, lan basa Madura Probolingo dene sajrone crita rakyat yaiku nggunakake basa krama inggil.

Cetha sing dadi pambedane yaiku, kepriye carane panulis lan *sutradhara* drama tari ngandharake *kreatifitas* mangun saben objek sing digunakake, saha anane afinitas. Afinitas asal tembung saka basa Latin *ad* (tegese caket) lan *finis* (tegese, wates) (Hutomo, 1993:11). Mula saka iku supaya panaliten iki nuwuhake asil, lan gampang dingertenik bakal diandharake kanthi teori struktural, sastra

bandhingan lan disengkuyung pendhekatan hermeneutik.

Crita rakyat asesirah *Dumadine Kali Banger* dicekak DKB anggitane Suparto Brata, sabanjure dibandhingake karo drama tari kanthi judhul *Geger ing Banger* dicekak GIB dening seniman Peny Priyono. Crita rakyat iki babagan kapamimpinan lan sosial. Sajrone crita rakyat iki saben paraga nduwensi kalungguhan kaya dene Prabu, Patih, lan bala andhahan praja Majapahit uga Lumajang Njlentrehake kawentare praja Majapahit, Sang Nata Prabu Hayam Wuruk diajab njunjung tlatahe supaya bisa luwih kuwat. Sajrone crita anane daya kudu ngrebut kakuwasane liyan, lan ngupaya samubarang cara, supaya tuwuhan kurban pati.

Lumantar tintingan sastra bandhingan dikarepake ngasilake anane babagan kang padha lan beda antara crita rakyat DKB lan karya tari GIB.

#### 1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesan kasebut underan panliten kababar ing ngisor iki, yaiku :

- (1) Kepriye strukture crita rakyat DKB?
- (2) Kepriye strukture drama tari GIB?
- (3) Kepriye bandhingan crita rakyat DKB lan drama tari GIB?

### 1.3 Tujuwan Panliten

Adhedhasar underaning panliten ing ndhuwur tujuwan panliten yaiku:

- (1) Ndheskripsekake strukture crita rakyat DKB
- (2) Ndheskripsekake strukture drama tari GIB
- (3) Ndheskripsekake asile bandhingan strukture crita rakyat DKB lan drama tari GIB.

### 1.4 Paedah Panliten

#### 1.4.1 Paedah Teoritis

Asil panliten iki diajab bisa menehi sumbang sih tumrap pangrembakane sastra Jawa, mligine ing bab kasusastran Jawa kang awujud crita rakyat lan drama tari. Panliten ngenani drama tari lan crita rakyat ing Probolinggo nduweni paedah kaya ing ngisor iki:

- (1) Tumrap pangrembakane panliten iki fokus marang struktur, anane pambeda uga bab kang padha mligi sajrone crita rakyat lan drama tari.
- (2) Ngrembakakake wawasan ngenani pigunane sastra bandhingan yaiku ngertenip saperangan karya sastra awujud drama tari lan crita rakyat kang rantamane meh padha. Mangertenip alur saka crita sejarah, kang kawedharake lumantar drama tari lan crita rakyat.

#### 1.4.2 Paedah Praktis

- (3) Paedah praktis kango mahasiswa yaiku diajab asil lan nilai-nilai kang manggon sajrone crita rakyat lan drama tari bisa dadi tolak ukur lan pedhomian ing panliten sabanjure.
- (4) Panliten iki bisa digunakake minangka kawruh lan warta ngenani crita rakyat lan drama tari.

### 1.5 Watesane Tetembungan

Wewatesan tetembungan sajrone panliten diperlokake banget supaya panliten iki bisa fokus marang objek sing arep ditliti. Andharan saka anane wewatesan tetembungan iki ana telu, karakit supaya ngertenip tetembungan kang wigati sajrone panliten iki. Wewatesan tetembungan kasebut ing antarane : Sastra

Bandhingan : studi sastra bandhingan yaiku kajian arupa eksplorasi kang owah (*vicissitude*), *alterna-tion* (penggantian), pengembangan (*development*), lan pambeda sarana timbal balik antara rong karya utawa luwhi. Studi sastra bandhingan minangka studi karya kang sugih tata cara kanggo medar kanthi amba lan cetha, Benedecto Crose (Giffod, 1995:1) sajrone Endraswara, 2003:128

Crita Rakyat: Crita kang kasebar lan ngrembaka satengahing masyarakat. Mujudake crita kang diwarisake kanthi cara

turun-temurun. Crita rakyat minangka ekspresi budaya kasusun nilai sosial sajrone kahanan lan wewengkone. (Lantini, 1996:50)

Drama tari : Drama saka basa Yunani, tembung kriya *dran*, tegese makarya, *to act utawa to do*" Morris (sajrone Tarigan, 2011:69) Drama uga sawijining pagelaran sing dilakoni ing panggung. Kanthi tambahan obahe awak, dhialog, lan tumindak langsung. Anane lakon-lakon saka panulisane nganti pagelarane. Iku mono bisa narik kawigaten para sutresna (Tarigan, 2011: 72).

## BAB II

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

Ing bab II iki kaandharake panliten sadurunge saemper ngenani topik lan landhesan teori kang digunakake sajrone panliten. Sakabehe perangan iku mau kaandharake kaya ing ngisor iki.

#### 2.1 Panliten kang Saemper Ngenani Sastra Bandhingan

Sadurunge diandharake panliten ngenani sastra iki ana sesambungane klawan panliten sadurunge kang saemper, yaiku saka panliten kang ngandharake bab bandhingan. Bandhingan uga ditliti dening saperangan mahasiswa sastra ing UNESA antarane dening Ernisa Andarsari (2015) kanthi irah-irahan "Transformasi Trilogi Novel *The Lord of The Rings* Karangan J.R.R Tolkien ke Dalam Film *The Lord of The Rings* karya Peter Jackson: Kajian Alih Wahana." Panliten iki nganalisis ngenani bandhingane trilogi novel lan film sing nggunakake teknik dheskriptif komparatif. Sabanjure saka anane panliten bisa ngasilake analisis owahan alur, pamaragan, lan latar papan sing cacahé akeh.

Panliten pungkasan dening Indi Larasati *Serat Lokajaya* lan *Film Kalijaga* (2015). Panliti nindakake perangan kang ora beda adoh saka panliten sadurunge, yaiku ngolah sawijining *serat Lokajaya* lan *Film Kalijaga*. Kaloro objek panliten iki dipilih dening panliti amarga anane struktur crita film sing saemper karo serate, yaiku ngangkat crita ngenani Sunan Kalijaga, panliti ngandharake struktur crita serat Lokajaya, struktur crita film Lokajaya, lan asiling alih wahana saka serat dalam film.

#### 2.2 Konsep Struktural

Sastra minangka reriptan, *kreasi*, dudu arupa imitasi, (Luxemburg, 1989:5) Sajrone seni akeh unsur kamanungsan kalebu ing bab kasebut, mligine rasa pangrasta, saengga angel anggone ngetrapake kanggo metodhe keilmuan. Crita rakyat lan drama tari

minangka bakuning panliten, anane struktur kang kawangun, manut modhel lan gayane pangripta.

Struktural ngandhut telung prekara kang dadi punjer, kapisan sakabehing panemu (*wholness*), tegese perangan utawa unsur sing kawangun bisa ngupaya madhakake sakabehe kaidah intrinsik sing ana. Kaloro, pamawas ngenani transformasi (*transformation*) terus nuwuhake perangan-perangan kang anyar. Katelu, pamawas kang ana lan mandhiri (*self regulation*) yaiku ora merlokake bab liya saka sanjabane karya. Karya sastra kang diwangan adhedhasar basa, nduweni titikan (*form*), isi (*content*) utawa makna (*significance*) kang otonom.

## 2.2.1 Tema

Tema minangka punjere crita sing dikarepake dening pangripta. Tema lumrahe nuwuhake nilai kang universal. Tema sing ndayani sakabehing unsur crita sinebut tema mayor, tema sing amung njangkepi diarani tema minor. Tema manggon ing papan sinigit lan kudu dingertenih dhesive dening pamacane (Endraswara 2013:44). Pangripta nggunakake pacaturan, pamikiran, rasa pangrasane paraga lan bab sing ana sesambungan liyane supaya bisa teges anggone ngandharake crita (Sumardjo, dkk 1993:57).

## 2.2.2 Plot/ Alur

Plot minangka unsur faksi kang wigati, ngandharake anane sesambungan antara kedadeyan sing manjing sajrone crita. Sifat misterius plot ora nduweni pambeda, utawa tansah ana sesambunganane kanthi anane unsur *suspense*, yaiku rasa kepengin weruhe para pamaca. Kanggo mangertenih jlentrehan wigati anane plot, kanthi mangkene dibutuhake daya kritis, peka tumrap pamikir lan rasa pangrasa, sarta sikap lan tanggapan kang serius. Daya *intelekual* mbutuhake daya pangeling arupa memori, dening Forester sajrone (Nurgiantoro, 2010:171)

## 2.2.3 Paraga lan Pamaragan

Paraga utama apadene paraga panyengkuyung mesthi ana sajrone crita, ora mligi ing novel sing moncer utawa adiluhung. Ana kalane pamaragan iku nggambaraké tokoh utama wae, lan paraga panyengkuyung liyane amung didadekake minangka panjangkep lumakune paraga utama. Paraga sajrone crita uga nduweni daya kanggo nggunakake pamikirane kaya dene paraga kang nyata ing bebrayan, nduweni kwalitas moral lan luwih condhong marang sikap tartamtu kaya dene kang diandharake kanthi cara pacaturan lan tumindake saben dina (Abrams sajrone Nurgiantoro, 2007:165). Saben paraga wis samesthine nduweni pamaragan sing beda, lan nduweni titikan sing mligi (Sumardjo dkk, 1986:64)

## 2.2.4 Latar

Latar yaiku papan lan wektu kanggo lumakune crita. Latar uga bisa nemtokake jinising crita kang kababar (Endraswara, 2011:49). Sajrone panliten iki latar (*setting*) sajrone crita beda antarane latar ing panggung (*stage*). Panggung minangka wujud *visualisasi* (Indarti, 2006:61). Dheskripsi latar mono wigati banget, supaya bisa aweh rasa marem marang pamaca, pangripta kudu paham banget marang kahanan geografise (Nurgiyantoro, 2007:229).

Latar wektu sesambungan karo kapan dumadine kedadeyan sing diandharake jrone karya sastra. Wektu mono disebutake kanthi cara faktual, utawa disambungake unsur sejarah. Prekara wektu miturut pamawas Genette (sajrone Nurgiyantoro, 2007:231) bisa nduweni makna *gandha*. Latar sosial, sesambunganane klawan kagiyatan sosial sabendinanane ing masyarakat, bisa arupa pakulinan, adat istiadat, tradhisi, kapitayan, pandhangan hidup, carane mikir, lan tata krama. Status sosial paraga kudu dadi bab sing wigati uga sajrone crita, lan diitung dadi punjere bab, (Nurgiyantoro, 2007:236).

## 2.3 Crita Rakyat

Sakabehe paraga sajrone crita rakyatnduweni lan ngalami prekara, sing ana sesambunganane karo paraga utama. Saben tembung sing ana sajrone crita rakyatasifat biasa utawa ringkes, saengga gampang anggone medharake crita saka wiwitinan nganti pungaksan. Lumrahe saka crita rakyat iki amung saperangan kagiyatan sing nyengkuyung, uga amung siji kadadeyan sing gedhe. Alur saka crita rakyatasifat tunggal lan lurus. Mula anane wewatesan wujud uga nduweni asil sing mranani utawa dadi kaunggulan. Ukuran crita rakyatmono meksa pangripta medhar lan ngripta ngluwih katrampilane kanggo makarya.

## 2.4 Drama Tari

Sajrone pentas drama antarane sutradara lan paraga nduweni pamawas lan tafsir tartamtu ngenani teks kang arep dilakonake, dene para pamiarsa nduweni pamawas kanthi versi kang wis ditafsir dening sutradara lan paraga. Pementasan sesambunganane antara dekor, kostum, uga tafsir kang diandharake ing ndhuwur panggung ngenani drama kang dipentasake. Pementasan asifat multidimensional. Ruang panggung kongkret nuntut paugeran kang nduweni titikan tartamtu marang paraga. Sabanjure pementasan iki asifat *variable*, tegese beda-beda. Ora ana pementasan kang padha sajrone mobah mosike paraga, swara kang muncul, lan penggunaan ruang ing panggung.

Drama tari sawijining pagelaran tari sing cara ngandharake lan mrugakake uga nggunakake alur, tema lan dilakoni kanthi kelompok. *Koreografer*

kudu wasis anggone milih penari kang dadi lakon supaya kasil nyumurupi impresi. Perangan tugas paraga sajrone drama tari, paraga sing diarani: (1) *The foil* : yaiku paraga sing kontras klawan paraga liyane. (2) *The type character* : paraga panyengkuyung, paraga sing bisa nglakoni lakon kanthi premati. Kawasican paraga sing sarwa mumpuni. (3) *The static character* : paraga statis sing kahanane ora owah, ing wiwitan nganti pungkasan. Pungkasane, (4) *The character who develops in the course of the play*: paraga sing antuk owahan kahanan sasuwene laku ing pagelaran (Tarigan, 2011:76-77).

## 2.5 Sastra Bandhingan

Sastraa bandhingan yaiku studi teks *across cultural*. Minangka upaya *interdisipliner*, yaiku nggatekake sesambungan sastra miturut aspek wektu lan papan panggonan. Saka sisi wektu sastra bandhingan bisa mbandhingake luwih saka siji periode kang beda, dene konteks papan panggonan bakal ngiket sastra badhingan miturut wilayah geografis sastra. Benedicto Crose (Gifford, 1995:1) sajrone Endraswara, 2003:128 ngandharake studi sastra bandhingan yaiku kajian arupa eksplorasi kang owah (*vicissitude*), *alterna-tion* (penggantian), pengembangan (*development*), lan pambeda sarana timbal balik antara rong karya utawa luwih. Studi sastra bandhingan minangka studi karya kang sugih tata cara kanggo medar kanthi amba lan cetha.

## 2.6 Pendekatan Hermeneutik

Hermeneutik asale saka tembung basa Yunan, *hermeneuein* ateges nafsirake utawa *interpretasi* (Ratna, 2013:45). Interpretasi sing dikarepake ing kene yaiku nliti karya sastra sing awujud drama (lisan) bisa diandharake luwih jembar saka pesan sing dadi makna sajrone karya kasebut.

Pamawase Ricoeur (sajrone Endraswara, 2013:42) hermeneutik ngupaya ngertenin makna sastra kang manggon sajrone struktur. Supaya bisa mahami makna kang ora winates aneng tandha, nanging uga bisa ngertenin sastra minangka teks. Sajrone teks ana konteks kang asifat polisemi, mula panliten kudu bisa mangertenin sajrone teks lan konteks saengga bisa antuk makna wutuh.

## 2.7 Konsep Nilai Pamimpin Sajrone Praja

Crita rakyat lan drama tari sing dadi objek panliten ngemu nilai-nilai. Sakabehe nilai sing ana nduweni nilai etis lan nduweni kadhar kaluhuran kang dhuwur. Bisa dibuktekake saka pamawase Magnis (sajrone Amir, 1994:94) kudu nduweni saperangan sarat utawa titikan antarane sifat *kritis* lan *obyektif*, tegese kudu bisa tanggungjawab marang bebener. Kaloroyaikuasifatnegatif, tegese kudu

disaring luwih dhisik lan nuduhake anane pamilihan, nganti bener-bener antuk *nilai* sing mumpuni kaluhurane, lan bisa kalampahan sadawane wektu uripe janma sing durung dingertenin watese. Nilai sing ana lumrahe nduweni sesambungan siji lan sijine, fungsi supaya bisa dadi tuntunan, tatanan, lan landhesan. Manungsa minangka janma kang tinitah mimpin ing alam donya, nduweni ancas kanggo nggayuh kasampurnaning urip.

- 1) Nilai Moral nilai sing nduweni sesambungan karo akal utawa budi pakarti, apik alane solah bawane manungsa. kesadharan moral (moral awareness), kawruh nilai moral (knowing moral value), pamawas moral (perspectivetalking), nalar moral (reasoning), dudutan keputusan (decision making), lan kawruh dhiri (self knowledge) 2) Nilai Kawicaksanan Etika miturut Plato (sajrone Amir, 1994:155) yaiku kawruh sing nggegulang manungsa sajrone urip. 3) Nilai Kasadharan lan kayakinan. Manungsa kang wicaksana yaiku manungsa kang bisa nyawang kasunyatan sejati mula bisa ndarbeni sikap kang becik kayata kawruh sing bisa ndayani dhirine luwih becik.

## BAB III

### METODHE PANLITEN

#### 3.1 Ancangan Panliten Dheskriptif Komparatif

Metodhe sing digunakake kanggo crita rakyat lan drama tari iki yaiku metodhe panliten dheskriptif komparatif. Data sing ana kanggo nliti crita rakyat DKB anggitane Suparto Brata lan drama tari GIB anggitane Peny Priyono. Panliten dheskriptif komparatif yaiku panliten sing asile saka andharan riset asifat dheskriptif, lan wis samesthine nggunakake analisis. Proses lan makna (perspektif-subjektif) luwih diunggulake sajrone panliten. Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong (2011:4). Panliten asipat dheskriptif yaiku nyathet kanthi mrinci sakabehing kahanan sing dideleng, dirungu lan diwaca sarana wawanrembug, foto, lan liyaliyane. Panliten dheskriptif komparatif ditindakake ing panliten iki supaya bisa ngasilake dhata sing dikarepake.

#### 3.2 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Perangan iki bakal ngandharake dhata lan sumber dhata panliten kang bakal dilakoni. Perangan iki diandharake kanggo nerangake saka ngendi asile dhata lan dhata apa wae kang digunakake sajrone panliten iki.

##### 3.2.1 Sumber Dhata

Sumber data yaiku mula bukane dhata kang arep diolah sajrone panaliten, subjek panaliten sing

raket, arupa barang, obahing badan manungsa, papan panggonan lan sapanunggalane sajrone drama tari, apa dene crita rakyat. Sumber dhata yaiku perangan sing bisa diolah saka anane objek panliten, sajrone panliten iki nggunakake sumber dhata utama arupa crita rakyat lan drama tari. Crita rakyat sing ngandharake sejarah kutha Probolinggo, kanthi irah-irahan DKB anggitane Suparto Brata lan sumber dhata arupa drama tari kanthi irah-irahan GIB karya Peny Priono, diprodhuksi ing taun 2015.

### 3.2.3 Dhata

Data yaiku cathetan kang mligi saka kumpulaning fakta, uga bahan kang arep diandharake saka asil ngadhakake pitakonan, lan upaya sawise nonton kanthi jangkep bab punjere panaliten. Panliten iki nduweni dhata kang dikumpulake yaiku awujud tembung saka anane pacaturan dening saben paraga sajrone crita rakyat lan drama tari. Anane sesambungan ngenani saperangan crita kutha Probolinggo.

### 3.3 Instrumen Panliten

Instrumen panaliten sajrone panaliten iki yaiku panliti dhewe. Panliti minangka instrument (*participant observer*) Peneliti bisa uga nggunakake piranti kanggo nyengkuyung ngumpulake dhata kang dibutuhake. Panaliti nduweni kaluwihan bisa langsung nyekseni, ngrasakake, lan ngrasakake langsung apa kang ana sajrone objek panaliten kang dadi pakaryane.

### 3.4 Metodhe lan Teknik

Panaliten crita rakyat DKB lan drama tari GIB iki nggunakake metodhe kapustakan. Studi kapustakan teknik ngumpulake dhata kanthi studi telaah tumrap literatur, cathetan lan perangan liyane ana sesambungan prekara sing kudu dirampungake.

#### 3.4.1 Tata Cara Ngumpulake Dhata

- 1) Maca kanthi setiti lan dibolan-baleni, crita rakyat "DKB" anggitane Suparto Brata lan nonton drama tari karya Peny Priyono kanthi judhul "GIB". Kekarone ngandharake kapamimpin sajrone Majapahit, kepriye tata lakune para andhahan nduweni pamawas seja marang ndayani andhahane, mimpin praja gedhe, lan
- 2) Ngumpulake dhata sing ana sambungane karo panliten. Tahap ngumpulake dhata ditindakake supaya ana dhata sing wigati sajrone andharan ing panliten iki. Dhata-dhata kasebut minangka dhata sing ana sambungane lan kalungguhan ing kraton, bab adu omong marang raja, lan andharane raja marang andhahane. Sawise iku nyathet bab sing wis diantukake dening panliti. Supaya luwih cetha anggone nganalisis objek.
- 3) Idhentifikasi prekara sajrone rong karya sastra kang dibahas, anjur diandharake.

#### 3.4.2 Tata Cara Nganalisis Dhata

Teknik analisis dhata nduweni tujuwan kango ngandharake dhata kanthi tujuwan kang luwih gampang, carane *rganisir* dhata, milah dadi perangan sing bisa ditata maneh, *mensintesis* dhata, nggoleki lan nemu unsur pola, nemu unsur sing wigati disinaoni, lan mutusake apa sing arep dicritakake marang liyan (Bogdan & Biklen, sajrone Moleong, 2011:248). Ana langkah-langkah ngumpulake dhata yaiku :

- 1) Nemtokake perkara kang arep dianalisis.
- 2) Maca objek sing bakal ditliti kanthi premati lan tliti maneh anane rong objek kang digunakake. Objek kang digunakake yaiku nonton langsung drama tari GIB (2015) sutradara dening Peny Priyono lan maca cerkak DKB dening Suparto Brata.
- 3) Ngidhentifikasi perkara kang kinandhut sajrone cerkak lan drama tari.
- 4) Merang dhata kang arep ditliti. Tahap merang iki panliti merang dhatane salaras karo bab sing ana sajrone objek panliten. Ana sambungane marang kalungguhan, akal licike para prajurit saningsore patih, lan panguwasa ing Lumajang rikala semana, saningsore kraton gedhe Majapahit. Tahap merang dhata sing disusun dening panliti iki nyusun dhata-dhata kang wis ditemtokake lan ana sesambungane karo bab kalungguhan lan tingkah polahe saben andhahan sing ana ing kraton Majapahit.
- 5) Sajian saka asiling milah dhata, arep ngandharake asil analisis wujud ukara, saka dialog digunakake para paragane. Jlentrehan kasebut saka andharan undheraning panliten, diwangsuli panliti saka andharan sing wis dianalisis saka maneka teknik sing wis djlentrehake ing ndhuwur. Sajian iki bakal ditemoni asil sing beda saka wujud crita, lan anane wujud drama tari saka reriptan Suparto Brata ngandharake anane rebut kalungguhan kanthi cara sing rapi kasimpen saka pocapan sing bisa ndayani cekcok, lan kepriye carane *koreografer* bisa *interpretasi* obahing awak supaya nuwuhake pemahaman marang pamirsa.
- 6) Ngandharake struktur crita rong karya sastra, ngandharake asiling sastra bandhingan lan ngandharake nilai-nilai sing ana sajrone asil sastra bandhingan.
- 7) Ndudut asiling panliten, saka kagiyatan sing paling pungkasan saka panliten iki, yaiku meneh dudutan saka asil analisis. Iki dilenrehake adhedhasar kajian sastra bandhingan sajrone crita rakyat "DKB" lan drama tari "GIB".

## BAB IV ANDHARAN

Analisis bab alur crita rakyat DKB dumadi telung perangan, yaiku anane perangan *perkenalan*, prekara, lan *penyelesaian*. Andharane kaya ing ngisor iki:

### 4.1.2.1 Tahap Perkenalan

Sang nata ing Kraton Majapait nalika taun 1300-an yaiku Prabu Hayamwuruk. Punjere kedhaton Majapait saiki ing Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto. Jrone crita rakyat iki Prabu Hayamwuruk kawentar wicaksana anggone nata prajane, mula ora kaget yen Majapait saya ngrembaka lan kawentar sanuswantara. Kaya pethikan ing ngisor iki:

“...kocap ing lakon sing jumeneng dadi ratu Prabu Hayamwuruk. Raja iki kawentar ambeg wicaksana anggone ngereh praja, nganti rakyate padha makmur, suyut lan ngabhekti.” (Brata DKB, 2007:1/2)

### 4.1.2.2 Tahap Konflik

Ngancik ing tahap konflik, saperangan konflik utawa prekara digambarake minangka campuhe antara paraga *protagonis* lan *antagonis*.

Konflik crita rakyat DKB diiwiti nalika salah siji patih sing diduweni praja Majapait, Nambi nduweni sifat sing kejem banget tumrap rakyat. Sifat kejem iki miwiti kuciwa marang klerehane ing praja Majapahit, saengga akeh rakyat sing ora seneng marang patih Nambi.

“kadidene pangreh paraja, Patih Nambi ora patia disenengi klerehane, merga saking kejemeanggone ngereh andhahane. Sipate setak lan cengkiling, adigang-adigung-adiguna. Akeh para kawulane sing grundelan lara ati, lan rerasan padha arep laku kraman mbrontak Negara. Krungu rerasane kawula, Nambi lapur marang Sang Prabu Hayamwuruk, para kawula sing konongan tumindak culika dicekel lan kapatrapan paukuman dibui ing pakunjaran.” (DKB, 2007:1/3)

Konflik sabanjure sing dumadi sajrone crita rakyat iki yaiku ora beda adoh kaya dene sing wis diandharake sadurunge, dening Badra lan Nala minangka bala andhahan. Minangka patih sing wis diprecaya dening prabu Hayamwuruk, Nambi dianggep wani alaku cidra marang Majapait, utamane marang Prabu Hayamwuruk. Prabu Hayamwuruk sidane muntab penggalihe, panjenengane ora ngira yen Pathi Nambi bisa nglakoni tumindak nyimpang kaya mangkene.

### 4.1.2.3 Tahap Klimaks

Sakabehe lapuran sing wis diandharake dening para kawulane, lan wis ditampa dening Prabu Hayamwuruk saperangan wektu kepungkur, sanalika ndadekake lenane penggalihe Sang Prabu. Ora ana maneh pamikiran sing resik lan precaya marang awake dhewe, prabu Hayamwuruk menggalih banget anane tumindak culika sing ditindakake patih Nambi. Ngenani pamite Patih Nambi sing wis cetha diidini merga alasan kang kuwat. Alasane Patih Nambi yaiku golek lan nggawa usada kanggo kaluargane ing Lumajang kang lagi nandang lara. Kaya dene pethikan kadadeyan ing ngisor iki :

“nanging kocapa bengine, kanthi dhedhemitan Prabu Hayamwuruk nyongklang jaran, kanthi sesidheman tedhak ijen menyang lumajang. Kepengin mbukteake lapurane para kawulane. Ora marem yen ora nyekseni piyambak.” (DKB, 2007:6 / 1)

### 4.1.2.4 Tahap Penyelesaian

Perangan tahap klimaks sadurunge wis diandharake, Prabu Hayamwuruk bali saka Kadipaten Lumajang tan bisa sareh jroning rasa pangrasane. Ora ana maneh tetembungan kanggo pangudarasa, supaya atine bisa ayem lerem, diajab bisa tuwuhan cara sing luwih becik kanggo ngadhepi apa sing wis tumata mau. Cara iki dianggep dening prabu Hayamwuruk minangka cara sing paling becik supaya bisa nylametake prajane, Majapait. Ora ana tembung sepakat lan pamawas liyane sing dirembug bareng para pamimping ing pamarintahan sajrone Praja.

Rekada ya kaya mangkene ngrusak paseduluran sing isih kalebu sanegara. Antarane Kadipaten Lumajang lan Majapit, utawa wilayah-wilayah liyane sing ora ngreti prekara apa-apa. Kayadene pethikan kang gathuk sajrone crita rakyat ing ngisor iki:

“para prajurit budhal gumuruh saka kedhaton Majapait, nglurug mungsuhe menyang Kadipaten Lumajang. Lakune Ngetan ngidul, ngliwati Nguling, Kebonsari, Gendhing lan Pajarakan.” (DKB, 2007:6/4)

Prabu Hayamwuruk wus kadhung muntab anggone ngerten i sakabehe ing Kadipaten Lumajang. Nganti apa sing wis dirasakake ora ana nalar sing digunakake maneh, anane amung emosi sajrone dhadhane.

“marga kaderenge pakon lan kurang cethane printah, pasukan Majapit mau nyampar nyandhung apa wae sing dikira mungsuhe. Ing Gendhing lan Pajarakan ana benteng sing jinaga

dening prajurite, sajak kaya anane wong maju perang, terus wae diserbu dening pasukan Majapait. Ancur kaca sawalang-walang sawise ngancurake benteng Pajarakan lan Gendhing, pasukan Majapit bali Ngulon menyang Kebonsari..." (DKB, 2007:6/4)

Kedadeyan sing dialami dening pasukan Majapait ndadekake ontran-ontran marang sakiwa tengene papan cilik sing ora nduweni kaluputan apa-apa.

#### 4.1.3 Paraga lan Pamaragan

Paraga lan pamaragan minangka gegambaran sing lumaku sajrone karya sastra. Dhapuk paraga utama prelu cetha anggone nggambaraké tumindake, mula pangripta kudu bisa menehi gegambarane para paraga, kanthi premati lan cetha supaya bisa nuwuhake *impresi*.

#### 1) Paraga Prabu Hayamwuruk

Hayamwuruk minangka paraga utama sajrone crita rakyat DKB. Sajrone crita rakyat iki Prabu Hayamwuruk nduweni saperangan pamaragan yaiku: wicaksana, precaya marang andhahan, ora gampang diapusi, lan grusa grusu.

(1) Wicaksana Mimpin Praja, Wicaksana ing kauripan ateges nggunakake akal bebudine, sing kalebu akal budi yaiku pengalaman lan ilmu pengetahuan, wasis uga tansah ngati-ati (cermat, taliti lan sapanunggale) nalika lagi nandhang pacobaning urip.

"kocap ing lakon iki sing jumeneng dadi ratu Prabu Hayamwuruk.Raja iki kawentar ambeg wicaksana anggone ngereh praja, nganti rakyate padha makmur suyut lan ngabhekti." (DKB, 2007:1/ 2)

#### (2) Precaya marang andhahan

"nampa nawala kuwi Patih Nambi gage munjuk marang Sang Prabu Hayamwuruk, nyuwun palilah arep ngendhangi lan ngusadan kaluwargane sing lagi nandhang lara ing Lumajang. pirsa nawala lan maos surasane, Prabu Hayamwuruk maringi palilah marang Sang Patih.

#### (3) Ora gampang diapusi

"heh, Badra. Kowe aja tumbakcucukan adu-adu kaya mangkono. Ora beciuk kelakuanmu" ngendikane Sang Nata kang ora ngandel karo lapurane Badra. (DKB. 2007:4/2)

#### (4) Grusa-grusu lan wani

Prabu Hayamwuruk minangka manungsa biasa, panjenengane uga nduweni

kaluputan senadyan kaungguhane minangka raja.

"...Prabu Hayamwuruk isih kecanthol ing manahe, kepengin mbuktekake tenan lapuran sing dimireng mau. Sanalika kuwi Sang Prabu kersa ngendika lan tumindak apa-apa. Nepsu dukane mung dipenggalih dhewe. Nanging kocapa bengine, kanthi dhedhemitan Prabu Hayamwuruk nyongklang jaran, kanthi sesidheman tedhak ijen menyang Lumajang, kepengin mbuktekake laurane para kawulane. Ora marem yen ora nyekseni piyambak." (DKB, 2007:5/5)

#### 2) Patih Nambi

Patih Nambi kadhapuk salah siji pepatih sing diduweni praja Majapait nalika Prabu Hayamwuruk jumeneng nata. Ewa semana Patih Nambi isih diwenehi kalodhangan kanggo melu mangun praja Majapait, senadyan dheweke sering ngupaya culika marang kawula alit. Nganti nuwuhake rasa sing kurang mranani penggalih miturut kawula alit. Sedyane Patih Nambi ora rumangsa luput marang kahanane. Saperangan tumindak sing diinggati dening para kawula alit ngenani Patih Nambi yaiku:

##### (1) Kejem

Kejem minangka tumindak sing bisa dilakoni dening manungsa. Tumindak kejam ditujokake marang wong liya. Kaya saperangan pethikan sing kagambar sajrone crita rakyat.

"krungu rerasane kawula, Nambi lapur marang Sang Prabu Hayamwuruk. para kawula sing konangan tumindak culika dicekel lan kapatrapan paukuman dibui ing pakunjaran. (DKB, 2007:1/3) Adhedhasar pethikan ing ndhuwur genah tumindake Patih Nambi kaya-

kaya ora negesake minangka Patih praja kang Agung, Andum kawigaten, tulung tinulung lan asung pakurmatan.

#### 3) Para Kawula Alit (Badra, Nala, Dhadhap, lan Waru)

Patang kawula alit sing kiprah alane dipandegani sebab tumindak cidra dening Patih Nambi, patang kawula sing kedlarung ditatoni penggalih dening Patih Nambi. Sakabehing kawula kasebut menehi lapuran sing sasuwene wis dironce kanthi rapi, supaya Prabu Hayamwuruk precaya. Sejatine kanggo nglurusake prekara sing dirasakake dening kawula, kuwi kabeh kalebu prekara pribadi. Ananging bisa sumrambah dadi prekara sing nuwuhake pepati.

#### 4) Adipati Aria Widakara Wiraraja

## (1) Kurmat marang Liyan

Adipati Aria Widakara Wiraraja, sajrone cerkak iki nduweni kalungguhan minangka pamimpin ing Kadipaten Lumajang.

"ana sesubyan dhahar kembul bojana andrawina antarane Patih Nambi karo Adipati Aria Widakara Wiraraja. Sing dikonangi panceñ bojana andrawina, babar pisan ora ana rasa prihatin utawa sungkawa merga anane wong lara."

Kuasane para pamimpin kaya Adipati, dianggep nduweni kekuatan batin. Sesubyan kaya sing kapacak kasebut nuduhake loman lan kurmate Adipati marang tamu agung.

### 4.1.4 Latar/ setting

#### Latar papan

Latar papan yaiku anane ruwang sing bisa didadeake madegke samubarang tumindak dening para paraga. Bisa ing ruwang sing tanpa sekat utawa ing njaba, lan bisa uga nggunaake sekat, lan katutup kayadene omah lan sapiturute.

## (1) Kraton Majapait

Minangka punjer saka praja, ala becike saka sakabehing pamimpin dalah kawulane uga kapacak ing wilayah praja. Kaya saperangan andharan sing kapacak ing pethikan ngisor iki:

"krungu rerasane kawula, Nambi lapur marang Sang Prabu Hayamwuruk. Para kawula sing konangan tumindak culika dicekel lan kapatrapan paukuman dibui ing pakunjaran." (DKB, 2007:1 / 3)

"Nampa nawala kuwi Patih Nambi gage munjuk marang Sang Prabu Hayam Wuruk, nyuwun palilah arep ngendhangi lan ngusadani kluwagane sing lagi nandhang lara ing Lumajang. Pirsa nawala lan maos surasane, Prabu Hayamwuruk maringi palilah marang Sang Patih." (DKB, 2007: 2/ 1)

## (2) Ratan

Papan seting bisa dumadi ing ngendi wae, senadyan papan sing diguanaake ora pati nyengkuyung kahanan sing apik. Reoncen apa wae yen ta wis kalaksanan iku mono wigati banget kanggo diandharake. Kaya tuladha pethikan ing ngisor iki, nggunaake seting ing ratan.

"...ngreti yen olehe sambang kulawarga mengko uga diarep-arep nggawa obat kanggo ngusadani sing lara, ing sadalan-dalan Patih Nambi mompar-mampir marang para wong sekti."

Mula kanggo sapa wae sing arep nindakake kabecikan ora mung merga dibutuhake dening liyan.

Sawise Patih Nambi nglawi sadalan-dalan tumuju ngetan saka praja Majapait menyang Lumajang, dheweke ora rumangsa yen lagi diindhik dening para andhahane. Kaya pethikan ing ngisor iki:

### (3) Kadipaten Lumajang

Lumajang minangka praja sing kalebu pamarintahane Majapait. Madege Kadipaten ing Kidul Probolinggo, nalika semana kadipaten Lumajang dipimpin dening Sang Nata Adipati Aria Widakara Wiraraja. Ing Kadipaten Lumajang uga papan kulawargane Patih Nambi mapan. Kaya pethikan sing kapacak ing ngisor iki:

"tekane disesubya dening kulawargane.

Apa maneh bareng kaya kangi dadi pengarep-arep kaluwargane, Patih Nambi nggawa jampi-jampi, kang ndadekake kaluwargane sing lara waluya jati. Patih Nambi disubya kanthi sukur bagya lan rename ati."

Tekane Nambi ing Lumajang panceñ wis diantu-antu dening kulawargane. Supaya bisa gage uwal saka lelara sing isih manjing ing salah siji kulawargane Nambi. Pranyata manut kersane Hyang Maha Wenang, saperangan tamba sing digawa dening Nambi ngasilake owah-owahan sing becik. Kulawargane Nambi sing nandhang lelara sehat kaya biasane.

"...Sang Adipati Lumajang Aria Widakara Wiraraja age ngaturi Sang Patih Nambi mampir ing Dalem Kadipaten."

### (4) Benteng Gendhing lan Benteng Pajarakan

Seting papan sing nuduhake bangunan benteng iki biasane dudu perangan sing gedhe saka anane pamarentahan. Amung ana pedhukuhan sing dijaga dening saperangan pasukan lan skalane cilik. Kaya sing bisa dipethik saka andharan ing ngisor iki.

"para prajurit budhal gumuruh saka kedhaton Majapait, nglurug mungsuhe menyang kadhipaten Lumajang. lakune ngetan, ngdul, nglawi Nguling, Kebonsari, Gendhing lan Pajarakan. Merga kaderenge pakon lan kurang cethane printah, pasukan Majapait mau nyampar nyandhung apa wae sing dikira mungsuhe. Ing Gendhing lan Pajarakan ana benteng sing jinaga dening prajurite, sajak kaya anane wong maju perang, terus wae diserbu dening pasukan Majapait. Ancur kaca sawalang-walang. (DKB, 2007:6/ 4)

### (5) Kali Kebonsari

Nalika praja Majapahit isih madeg, anane sarana kali minangka papan lumaku transportasi sing mirungan, samubarang tumindak isih mbuthake anane kali, nanging ing pethikan sing kapacak ing ngisor iki saka anane kali sing resik, lan endah bisa dadi seksi bisu sejarah anane campuhe saperangan saka Majapahit lan Kadipaten Lumajang, kaya pethikan ing ngisor iki :

“perang antarane rakyat tlatah Lumajang nglawan pasukan saka Majapait ing Kebonsari campuh rame banget. Campuhe sing hebat ing saurute sawenehe sing iline lan sungapane ing segara ngliwati Kebonsari. Akeh kurban pepati. Getih kecereran mayat pating nglundhung ing saurute kali.” (DKB, 2007:6-7/ 1)

Anane perang lan nuwu hake pepati ing tlatah Kebonsari, amerga warta sing ora cetha saka para bala senapati Majapait. Ing tahap penyelesaian iki Majapait siap kanthi nyerang Lumajang. Perang dimenangake dening Majapait.

#### Latar Kahanan Sosial

Latar kahanan sosial sajrone crita yaiku anuju marang kahanan sing dumadi ing masyarakat daerah sing dicritaake kasebut. Tata carane kauripan sosial masyarakat, sing nyakup samubarang prekara sajrone kahanan sing kompleks.

##### (1) mangkel

“ngreti yen sing ngloropake ing pakunjaran kuwi marga wewekane pangarsane dhewe, bareng padha luwar sakapaukumane, para kawula kuwi tetep wae serik atine marang Patih Nambi. Mula ing saben-saben sapatemon, padha rerasan ngrekadaya arep nyungkirake Patih Nambi kang deksiya kuwi.” (DKB, 2007:1-2/4)

##### (2) Sedhih

Nalika Prabu Hayamwuruk wis ora bisa mbendhung maneh rasa pangrasane, amarga tumindake Patih Nambi sing alaku cidra kaya sing disawang dhewe ing wayah wengi saperangan wektu kepungkur. Kaya sing ana pethikan ngisor iki :

“para prajurit budhal gumuruh saka kedhaton Majapait, nglurug mungsue menyang kadhipaten Lumajang. lakune netan, ngdul, ngliwati Nguling, Kebonsari, Gendhing lan Pajarakan. Merga kaderenge pakon lan kurang cethane printah, pasukan Majapait mau nyampar nyandhung apa wae sing dikira mungsue. Ing Gendhing lan

Pajarakan ana benteng sing jinaga dening prajurite, sajak kaya anane wong maju perang, terus wae diserbu dening pasukan Majapait. Ancur kaca sawalang-walang. (DKB, 2007:6/ 4)”

### 3) Latar Wektu

Latar wektu nduweni sesambungan kapan dumadine kadadeyan-kadadeyan sing dicritakake sajrone karya fksi. Manfaatake unsur sejarah sajrone karya fksi bakal nyebabake wektu sing dicritaake bisa asifat mligi lan nduweni titikan, uga bisa asifat fungsional. Bab iku ora ngganggu wektu sing liyane, lan tanpa ngurangi unsur crita. Latar wektu ing crita DKB yaiku :

##### (1) Wengi

Wektu sing nandakake lingsire srengenge ing Kulon, lan anane owahan kahanan dadi peteng sakabehe. Kaya pethikan ing ngisor iki:

“nanging kocapa bengine, kanthi dhedhemitan Prabu Hayamwuruk, nyongklang jaran, kanthi sesidheman tedhak ijen ing Lumajang, kepengin mbuktekake lapurane para kawulane. Ora marem yen ora nyekseni piyambak.” (DKB, 2007:6/1)

##### (2) Esuk

Kahanan sing padhang njingglang, amarga anane surya sing madhangi

sajagad raya. Samubarang pakaryan sing salumrahe dilakoni dening manungsa nyata ing wayah esuk. Kaya sing wis diandharake ing pethikan ngisor iki :

“mula patih Nambi mampir menyang dalem kadipaten Lumajang, kaya kang kasebut ing uleman. Ing dina panguhe mertamu, Patih Nambi disesubya kanthi dhaharan bojana andrawina dening Adipati Aria Widakara Wiraraja.”

(DKB, 2007:4-5/1)

#### 4.1.5 Amanat

Amanat yaiku piweling sing migunani tumrap wong sing nduweni pangaribawa, nduweni kalungguhan, utawa wong sing nduweni kaluwihan. Kaya dene wong tuwa, raja, utawa para wasis liyane. Saperangan amanat sajrone crita rakyat iki dibabar ing pethikan ngisor iki:

##### (1) Kudu Teges

Sabiso-bisane ngenani prekara sing dumadi ing Majapait, luwih becik ora dinalar dhewe. Sawijining praja agung, Majapait dikawal dening para wasis, ngelingi Majapait nalika semono wis nduweni sistem pamarentahan jangkep..

“Prabu Hayamwuruk muntab penggalihé midhanget lapurane Dhadhap lan Waru. Kabrangas merga

lungane Patih Nambi menyang Lumajang disebut kadidene api-api, samudana wae. Digandhengake karo lapurane Badra lan Nala sing dhisik, sajak pas banget yen Patih Nambi alaku cidra, arep nglengserake kapraone Sang Nata." (DKB, 2007:5/ 5)

### (2) Aja Gampang Ngapus Liyan

Tumindak ngapus pancen bisa ditrapake kanggo kahanan apa wae, ora preduli sapa sing arep diapusi. Paraga sing ngapus nduwensi ancas supaya rekadayane bisa kasil sambung kaya sing dikarepake ing pamikirane. Kaya pethikan ing ngisor iki.

"Dhuh Gusti! ketiwasan Gusti!. Keparenga matur. Menika ing pendhapa dalem kadipaten Lumajang, kawula dalem Adipati Aria Widakara Wiraraja dalah abdi dalem Patih Nambi, saweg sami pirembagan badhe ngawontenaken kraman, badhe madeg negari piyambak, pethal saking Praja Majapait, Gusti. Ketiwasan!" (DKB, 2007:5)

Pethikan ing ndhuwur minangka upaya sing ditindakake dening para kawula, sing isih serik ati banget marang Patih Nambi. Mula ndayani Prabu Hayamwuruk nganti bisa owah pamikirane. Ora mbuthake nalar nanging amung mbuthake bukti kang nyata.

### (3) Aja Adigang-adigung-adiguna

Unen-unen ing ndhuwur ora amung ditindakake ing jaman Majapait. Akeh tuladha ing jaman saiki uga kaya ngono, utamane ing kalangan pamimpin. Kaya pethikan ing ngisor iki :

"Patih Nambi minangka pangreh praja, amarga saking kejeme anggone ngereh andhahane. Sipate sentak lan cengkiling, adigang-adigung-adiguna." (DKB, 2007:1/3)

Adigang-adigung-adiguna minangka paribasan sing wis kawentar. Akeh tuladha kanggo para mudha, lan samubarang kalangan.

## 4.2 Analisis Unsur Intrinsik Drama Tari Geger ing Banger

### 4.2.1 Tema

Tema yaiku pamawas, *ide*, utawa bakune pamikiran sajrone karya sastra sing bisa diungkap utawa ora.

#### 1) Tema Mayor

Tema mayor sajrone karya sastra, salumrahe bisa disambungake karo pengalaman sarta kapribaden paraga utama sajrone crita kasebut. Tema sing ana sajrone drama tari *Geger ing Banger* yaiku Politik. Kaandharake ing ngisor iki.

#### 2) Tema Minor

Tema minor sajrone drama tari uga padha dene karo crita rakyat sing dianalisis, anane tema minor minangka panyengkuyung lumakune drama tari. Tema minor ora kalebu perangan sing onjo. Saperangan tema minor antarane yaiku :

kaprawiran; trampil gladhen bela dhiri; Manut marang prentah; Tresna marang praja  
Patang pambahay teman minor sajrone drama tari iki bisa ngasilake crita ngenani dumadine kali banger kanthi cara obahing awak, ditambahi swara gamelan lan lelagon dhaerah. Kanggo bisa nambahi cethane kadadeyan.

### 4.2.2 Alur

#### (1) Tahap Perkenalan

Sajrone tahap perkenalan drama tari GIB diandharake kahanan sing ana ing jaman saiki. Alur sajrone drama tari GIB nggunakake alur mundur, ana pacaturan uga ana gegambaran ngobah-obahake awak, supaya para panonton paham kepriye maksud mula bukane drama tari GIB kasebut. Iringan nggunakake gamelan jangkep, laras slendro kanthi gaya pendhalungan Probolinggo.



Gambar 1

Penari ombak kang nyekel kain awarna biru, nggambareke kahanan banyu kali Banger.

Bab kaloro sajrone tahap perkenalan yaiku anane para miyasa mina sing dumadakan teka nunggang prau, gambar 1 lan gambar 2 dumadi ing menit ka 3:25 saka dawane drama tari.

Kacarita ing pingir kali ana saperangan warga, sing nggunakake papan umum kasebut kanggo keperluan padinan satengahing urip ing bebrayan. Kapacak ing gambar lan pethikan ngisor iki.



Gambar 2

Para remaja putri sing arepe umbah-umbah, cecaturan sakancan.

*"se raddin parabenna, alakoh sa sa sa*

*ajelana dek penggir songai kebhi akanca  
 agejekna ekedhing dheri jeuh  
 soarana engak aeng jernih dhek sokonah  
 guk laguk padhe dheteng  
 ekejungagih rengsareng perabennah  
 aengah emaenagih bedhenah emasokagi  
 tambah manis aropahan"*

Tembang ing ndhuwur nggamarake kepriye kahanan sing ditindakake dening remaja putri sing isih prawan, saben dolan gegojekan bareng kancane mono katon guyub rukun srawung. Nalika ing kali, para remaja kasebut ora amung umbah-umbah nanging uga crita marang kancane. Negesake jiwa kang isih seger, isih timur sing diduwensi para mudha kasebut.



Gambar 3

para prajurit Majapahit gladhen perang lan sing tengen prajurit Lumajang lagi gegojegan.

Para senapatine Lumajang nindakake baris banjur gojegan, kaya ing gambar 4. Adhegan iki kapacak ing menit ka 23:00 sajrone dramat tari GIB. Nggunakake obahing awak sing lucu, ora teges lan serius kaya sing dilakoni dening senapati perang Majapait.

*"eh koen! Sing genah ra! Lek ndhak isa!  
 Mburi!"*

*"lho koen sing ndhak genah, mara aku  
 sing mimpin! Kon pindhah mburi."  
 "ayo pindhah-pindhah!"  
 "prajurit siap?"*

Senadyan padha nduweni gegaman, sing ditlisipake ing weteng. Nanging dening senapati perang Lumajang ora digunaake kango gladhen. Saengga trampil nggunakake gegaman kurang trep. Gaman sing digunaake dening para senapati yaiku arupa arit.

## (2) Tahap Konflik

Sabanjure bakal dijlentrehake perangan konflik sing kagambar sajrone drama tari. Kanthi carane piñata tari nggamarake lumantar ekspresi obahing awak lan carane tumindak dening para paraga. Kaya sing kagambar sajrone gambar sing kapethik saka reroncening drama tari.



Gambar 4  
 rawuhe Patih Nambi ing praja Majapahit

Mula bukane prekara sing kapacak ing praja Majapahit yaiku sawise ngleksanakake gladhen perang dening sakabehe pasukan senapati perang. Pasukan senapati perang dipimpin dening lurah. Titah iki saka rawuhe Patih Nambi ing praja dening Lurah, sawise nuhoni prentah saka Patih Nambi dheweke lan para senapati perang mbacutake gladhen perang.

*"ana prentah, nglatih prajurit lumajang  
 kanggo ngadhepi prajurit majapait sing  
 nantang perang."*

Gegambaran kang nyata sajrone pacaturan iki kaya sing kapacak ing ngisor iki:



Gambar 5

## (3) Tahap Klimaks

Nalika ngancik ing tahapan klimaks iki, tahapan sing andum babagan dening paraga utama, yaiku patih Nambi. Dheweke ngenteni perangan sing diarep-arep lan dadi pangangene sasuwine iki, yaiku gawe ontran-ontran ing praja Majapait dalah kadipaten cilik sangisore Majapait. Kagambar uga kepriye wujude Nambi, nalika asung warta marang para senapati perang. Ing gambar 25 Sang Patih lagi njlentrehake dene dheweke wis kasil apus-apus marang Majapait, banjur ing gambar sandhinge njlentrehake dene Nambi wis kasil uga apus krama marang Lumajang. digambarake kanthi pethikan pacaturan, lan gambar.



Gambar 6  
Patih Nambi kasil ngrekadaya prajurit.

*"Hahahahah majapait sudah panas  
Lumajang sudah saya hasut."*

Patih Nambi ngudarasa arep nggelar adu kalicikan liyane, tumrap Majapahit lan Lumajang. Minangka Patih bab kasebut ora patut dilakoni. Patih mono wis kaanggep pamimpin sajrone praja. Nduweni kalungguhan, nduwensi tanggung jawab uga marang rakyate. saliyane iku Sang Patih minangka pejabat, dheweke salumrahe nduwensi sikap marang uripe. Sebab iku mono bisa ndayani saka pengalaman lan konsep-konsep sajrone agama. Ing pandome wong Jawa ngenani sikap sing digunakaake kanggo urip asifat menyeluruh, ora ana wewatesan luwih-luwih misahake indhividhu karo lingkungan, golongan, lan jaman.

#### (4) Tahap Penyelesaian

Kadadeyan sabanjure yaiku tumekane para prajurit Majapait ing tlatah Lumajang.



Gambar 7

Tekane paa prajurit turangga Majapahit ing tapel wates Probolinggo minangka papan palagan campuh klawan Lumajang.

Saka kadohan Patih Nambi sorak, dheweke mongkog marang kekarone. Kanthi alok dene kekarone minangka prajurit kang ora nduwensi pamikiran. Gampang diapusi liyan. Kaya pethikan lan gambar ing ngisor iki :



Gambar 8

campuhe Lumajang lan Majapahit ing tapel wates Probolinggo.

Samburine para prajurit, dheweke ngguyu kanthi sora, ora nduwensi ati lan amung alok. Prnyata sejatine sing ndadekake pokal kang kurang

trep marang prajurit kekarone yaiku saka prentah sing diwedhar dening Nambi dhewe.

*"hahaha Majapait prajurit bodoh  
Lumajang prajurit bodohoh  
kalian berdua sama saja, mudah sekali  
membodhoi kalian  
dasar prajurit-prajurit bodohoh!"*

#### 4.3 Bandhingan Crita rakyat DKB lan Drama Tari GIB

Bandhingan antarane crita rakyat lan drama tari sajrone panliten iki mujudake saperangan asil, adhedhasar crita kang padha lan sing beda saka sawijining crita tlatah Probolinggo. Perangan iki diandharake saka reriptan kang beda uga.

Tabel 1.1 Pembandhing Antarane Crita Rakyat lan Drama Tari

No.	Unsur Intrinsik	Crita rakyat Dumadine Kali Banger
1.	Tema	<p><b>Mayor</b> Tuwuhe paprangan antarane prajurit Majapait lan prajurit kadipaten Lumajang</p> <p><b>Minor</b> Para andhahan ing praja Majapait sing sengaja anggone nggawe warta kang amung apus-apus marang Prabu</p> <p>Prabu Hayamwuruk sing ora gampang precaya marang warta lan lapuran saka para andhahane.</p> <p>Prabu Hayamwuruk sing nindhakake laku sesidheman ing tanah Lumajang lan ngidini perang marang prajurit perang ing Majapait.</p> <p>Perang sing kalakon ing tanah Wetan, wates antarane Lumajang lan Probolinggo</p>
2.	Alur	<p>Maju</p> <p>Pambuka</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Pambuka</li> <li>(1) Majapait dipimpin dening Hayamwuruk kang ambeg wicaksana ing praja Majapait.</li> <li>(2) Patih Nambi sing ngatonake degsiyane marang Praja Majapait</li> <li>(3) Para andhahan sing</li> </ol>

		<p>ora seneng marng tumindake Patih Nambi</p> <p>2) Konflik</p> <p>(1) Para andhana sing nggunakake apus-apus kanggo ndayani Prabu Hayamwuruk</p> <p>(2) Para andhana sing alaku sesidheman telik sandhi marang tndake Patih Nambi mangetan Probolinggo.</p> <p>(3) Prabu Hayamwuruk kang ora precaya marang lapuran saka para andhana</p> <p>(4) Prabu Hayamwuruk sing dhedhemitan tindak menyang Kadipaten Lumajang tanpa kawalan.</p> <p>3) Klimaks</p> <p>(1) Prabu Hayamwuruk kang negesake supaya nyerang Lumajang ing wates Lumajang Probolinggo</p> <p>4) Penutup</p> <p>(1) Para prajurit kang alaku nindakake titah sang Prabu budhal mangetan Majapait ngadhepi Lumajang. prajurit Lumajang akeh sing tiwas ing tangan prajurit Majapait.</p> <p>(2) Ambu banger tipak jisim sing tiba ing palagan paprangan.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kurmat marang pangarsa praja</li> <li>- Alaku cidra</li> </ul> <p>Para andhana</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Alaku cidra</li> <li>- Ora bisa diprecaya</li> <li>- Tumindak kadurakan</li> <li>- Ora kurmat maang negarane</li> </ul>
		4. Setting	<p>Praja Majapait</p> <p>Dhampar kencana</p> <p>Papan gladhen perang</p> <p>Lumajang</p> <p>Dalan antarane Majapait Probolingg</p> <p>Ndalem dhukun-dhukun sekti</p> <p>Omahe kulawargane</p> <p>Nambi</p> <p>Kadipaten Lumajang</p> <p>Wates campuhe Paprangan</p> <p>Probolinggo Lumajang Benteng</p> <p>wayah esuk wayah wengi</p>
		5. Amanat	<p>Aja adigang adigung</p> <p>adiguna</p> <p>Ora grusa grusu</p>
<b>Drama Tari Geger ing Banger</b>			
<p><b>Mayor</b></p> <p>Tuwuhe paprangan antarane prajurit Majapait lan prajurit Lumajang</p> <p><b>Minor</b></p> <p>Prajurit Majapait sing trampil gladhen ing praja Majapait.</p> <p>Patih Nambi minangka dhalang saka ananae campuh perang Majapait lan Lumajang</p>			
3	Paraga lan Pamaragan	<p>Paraga utama</p> <p>Prabu Hayamwuruk</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Wicaksana</li> <li>- Ora gampang nesu</li> <li>- Ora gampang precaya marang liyan</li> <li>- Tanggung jawab</li> <li>- Grusa grusu</li> </ul> <p>Paraga</p> <p>Patih Nambi</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Kejem</li> <li>- Kurmat marang kulawarga</li> </ul>	<p>Prajurit lan pamimpin Lumajang sing ogah-ogahan anggone gladhen perang. Prajurit Lumajang sing seneng gojekan</p> <p><b>Mundur</b></p> <p>1) Pambuka</p> <p>(1) para nelayan sing nyritaake mulabukane anane kali banger marang para warga sing sabendinane makarya aneng kali Banger</p> <p>(2) prajurit Majapait sing trampil gladhen perang ing samubarang wektu tanpa anane utusan. Gladhen kasebut</p>

	minangka kagiyanan rutin.
(3)	Rawuhe Patih Nambi kanggo nuwuhake rasa kang makantar kantar marang prajurit Majapait kanggo perang mungsu Lumajang, warta kasebut saka Prabu.
(4)	Kahanan ing tanah Lumajang sing lumrah
(5)	Prajurit tanah Lumajang sing ora sepira kulina gladhen perang kaya dene sing diandharake dening prajurit Majapait. Ateges prajurit Lumajang seneng gojegkan.
(6)	Prajurit Kumajang sing nggegulang katrampilan perang.
(7)	Patih Nambi duka marang prajurit Lumajang, banjur saya makanar-kantar ngandharake prajurit Majapait sing arep teka nggempur tanah Lumajang ing wates.
(8)	Campuhe perang ing wates Lumajang Probolinggo, ndadekake akehe jisim saka pepatine para prajurit Lumajang ing tangan prajurit Majapait.
(9)	Para miyasa mina sing nelangsa lan mangkel marang prajurit Majapait.
(10)	Para miyasa mina sing menehi aran Banger ing papan campuhe paprangan.
<b>Paraga Utama</b>	
<b>Patih Nambi</b>	
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Grusa grusu</li> <li>- nindakake kadurakan lan kadurjanan</li> <li>- licik</li> <li>- ora nduweni tanggun jawab</li> </ul>	
<b>paraga pembantu</b>	
<b>para prajurit Majapait</b>	
<ul style="list-style-type: none"> <li>- manut marang titah</li> <li>- trampil gladhen perang</li> <li>- rosa</li> <li>- niyat kang makantar-kantar</li> </ul>	
<b>prajurit Lumajang</b>	
<ul style="list-style-type: none"> <li>- seneng gegojekan</li> <li>- ora nduweni kurmat</li> <li>- kurang trampil anggone ngasah katrampilan perang</li> </ul>	
<b>Praja Majapait</b>	
<b>Kadipaten Lumajang</b>	
<b>Kali Banger</b>	
<b>Segara cakete Kali Banger</b>	
<b>Papan campuhe perang wates Lumajang lan Probolingo</b>	
<b>Aja gampang precaya marang warta kang kurang cetha</b>	

## BAB V

### PANUTUP

#### 5.1 Dudutan

Crita rakyat lan drama tari nduwensi papan kalungguhan kang padha ing jagade sastra, sajrone panliten kanthi cara sastra bandhingan. Andharan crita rakyat kang diugemi dening masyarakat sawijining papan utawa kutha, sebab anane peninggalan crita kaya sing wis kaandharake ing purwaka. Dening pangripta alur crita sajrone crita rakyat digarap kanthi tembung krama inggil, lan kabantu ing pungkasan crita anane kaca kanggo papan tetembungan kang angel sajrone crita.

#### Alur

Saperangan ing purwakane crita ana pambeda, sajrone drama tari nggunakake alur mundur, dene sajrone crita rakyat nggunakake alur maju. Wekasane saka alur ngandharake yen sajrone drama tari kabeh Prajurit Lumajang mati kalebu Lurah. Jisime para prajurit kasebut nganti konangan lan mambu amise uga kewiyak ing sungapan Kali, saengga kali kasebut banger sing dipanggoni dening para misaya mina.

Para misaya ngrasakake kuciwa kang jeru ngerten iku kahanan mangkono, sakabehe rumangsa gagal uga kasep ngerten iku campuhe Majapahit lan Lumajang. Crita rakyat ing perangan purwaka wiwit nuduhake ontran-ontran, saperangan paragane padha, lan saperangan beda arane. Paraga utama yaiku Patih Nambi, pungkasane crita Patih Nambi minangka sumber prekara kang njalarai para prajurit Majapahit lan prajurit Lumajang nemahi campuh. Sebab anane laku sesidheman saka kawula alit kang serik ati marang Patih Nambi kang dhemen dhegsiya. Para kawula alit banjur sowan menyang Prabu Hayam Wuruk lapuran ngenani tumindake Patih Nambi.

#### Paraga lan pamaragane

Sajrone crita rakyat paragane yaiku Prabu Hayam Wuruk, Patih Nambi, kawula alit Badran Nala, Dadb lan Waru, Adipati Arya Wiraraja Widakara lan para prajurit Lumajang uga Majapahit. Sajrone drama tari yaiku Patih Nambi, Lurah (pamimpin) para prajurit Lumajang lan Majapahit, Prajurit Lumajang, Prajurit Majapahit.

#### Seting

Sajrone drama tari seting papan kang digunakake ana ing praja Majapahit, kadipaten Lumajang, Benteng ing tapel wates Gendhing, lan ing ratan. Sajrone drama tari papan kang digunakake ing Majapahit, Kadipaten Lumajang, Kali Banger.

#### 5.2 Pamrayoga

Sajrone panliten iki ora luput saka akehe tetembungan kang winates, isih akeh kliru saha kurang sampurna anggone medar lan njlentrehake saben bab kang kapacak jrone objek panliten. Diajab sawise ana panliten iki, isih akeh panliten liyane kang saguh ngandharake perangan sastra bandhingan, kanthi nggunakake objek panliten liyane. Saka panliti diajab panliti sabanjure nduweni pamikiran kang jembar saengga bisa ngasilake panliten sastra kang gamblang, kasengkuyung kanthi basa kang uga apik.

## KAPUSTAKAN

Amazine.co. kaakses 3 Mei 2016 17:07

Danesi, Marcel. 2012. *Pesan, Tanda dan Makna, Buku Teks Dasar Mengenai Semiotika dan Teori Komunikasi*. Yogyakarta. Jalasutra.

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. 1984. *Seni Tari*. Jakarta : PT: Darma Karsa Utama.

Endraswara. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra, Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Jogjakarta : CAPS (Center of Academy Publishing Service).

Faruk. 2013. *Pengantar Sosiologi Sastra dari Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Jogjakarta: Pustaka Pelajar.

Hutomo, Suripan. 1993. *MERAMBAH MATAHARI Sastra dalam Perbandingan*. Surabaya. Gaya masa.

Heroekoentjoro. 1993. *Sejarah Indonesia Kuno II*. Surabaya. University Press IKIP Surabaya

<https://sastranusantara.wordpress.com/sastra/> kaakses 9 Januari 2016. 5:40

<http://www.sepuparpenegetahuan.com/2015/03/pengertian-cerpen-menurut-para-ahli-dan.html?m=1>. Kaakses 11 Januari 2016. 5:4

[id.m.wikipedia.org](http://id.m.wikipedia.org) kaakses 1 Mei 2016. 7:59  
Kartika, Sony. 2007. *ESTETIKA*. Bandung : Rekayasa Sains

KBBI.web.id. kaakses 14 April 2016 14:06

Luxemburg, dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia, Anggota IKAPI.

phairha.blogspot.co.id, kaakses 18 April 2016 01:50

Rosidi, Ajip. 1995. *Sastera dan Budaya Kedaerahan dalam Keindonesiaan*. Jakarta. PT. Dunia Pustaka Jaya.

Ryan, Michael. 2011. *Teori Sastra Sebuah Pengantar Praktis*. Yogyakarta :

Jalasutra.

Sariban. 2009. *Teori dan Penerpan Penelitian Sastra*. Surabaya. Lentera Cendikia.

Sedyawati, Edi. 2010. *Budaya Indonesia: Kajian Arkeologi, Seni dan Sejarah*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.

Soedrasono, R.M. 1998. *Seni Pertunjukan Indonesia di Era Globalisasi*. Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. Jakarta.

Sudaryanto. --. *FUNGSI HAKIKI BAHASA*. Kaakses 17 Desember 2015, 13:49

Sugiyono. 2013. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung : Alfabeta.

Sumardjo, Jakob. 1995. *Sastra & Massa*. Bandung : ITB.

Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa*. Jakarta. PT. Gramedia Pustaka Utama.

Tarigan, Henry Guntur. 2011. *Prinsip-Prinsip Dasar Sastra*. Bandung : Angkasa.

Wellek, Warren. 1989. *TEORI KESUSASTRAAN*. Jakarta : PT. Gramedia.